

Ungaita Sei Kana Vamwe Vachida Kungoongorora Zvese Zvaunoita?



PAUNODAWO KUMBOVA WEGA



NYAYA YECHOKWADI

“Dzimwe nguva ndine-
nge ndichingodawo ku-
va ndega ndichizviitira
zvinhu zvangu ndega.
Asi vana sisi vangu va-
noda kundibata seka-
mwana uye vanoda ku-
ziva zvese zvandinoita!
Hapana hapo zvandine-
nge ndichida kuvavanzi-
ra, asi kungoti chete
pamwe pachu ndine-
nge ndisingadi zvekuta-
ura!”—Allison.

Unofunga kuti nei vana sisi vaAllison vachiita sekuti vanomubata seka-
mwana?

Allison angaita sei kuti vana sisi vake vazive kuti haadi kungoongororwa
zvese zvaanoita?

Kudai uriwe Allison, *waizoita* sei?



MUBHEDHURUMU MAKO

NYAYA YECHOKWADI

“Pandinenge ndakasu-wa, handidi munhu anondinetsa. Kunyange zvazvo zvakana kuva nevabereki vane hanya newe, asi dzimwe ngu-va vanongopinda mu-bhedhurumu mangu pandinenge ndichida kumbovawo ndega so!”
—Ryan.

Unofunga kuti vabereki vaRyan vane zvavanomutyira here?

Kana zviripo, zvii zvingangodaro zviri kuitwa (kana kuti zvisiri kuitwa) na-Ryan zviri kuita kuti vabereki vake vanyanye kumutyira?

Kudai uriwe Ryan *waizoita* sei kuti vabereki vako vavimbe newe?



FONI YAKO

NYAYA YECHOKWADI

“Kana ndikasiya foni, dzimwe nguva mhamha vangu vanomboivhura voverenga mameseji angu. Rimwe zuva, vakatomboblocker imwe shamwari yangu yavai-funga kuti yaindifurira.”
—Nadine.

Unofunga kuti amai vaNadine vane zvavanomutyira here?

Kana zviripo, zvii zvingangodaro zviri kuitwa (kana kuti zvisiri kuitwa) na-Nadine zviri kuita kuti amai vake vanyanye kumutyira?

Kudai uriwe Nadine *waizoita* sei kuti amai vako vavimbe newe?
